Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 10 март Рузман №10 (7772) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

### Барки

## ХIурматиял руччаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда ихдалил гьайбатаб байрам-Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо -8 март.




Нуж ккола нижер гIумруялъул рохелги, чIухIиги, хинлъиги, талихIги. ЧIужугIаданалъ лъола хъизамалъе щулияб кьучI, гIуцIула гIумрудул гьудуласе ва лъималазе берцинаб дуниял, свине толаро гъасда цIа. Нужерго загIипал гъуждузда баччула хъизанги хIукуматалъул хIалтIиги.

Руччабазул гIакъиллъиялда, хIеренлъиялда ва сабруялда бараб буго гIун бачIунеб гIелалъе лъикIаб тарбия кьей ва ВатIаналде рокьи куцай.

Баркала нужер захIматалъухъ, хIеренлъиялъухъ, къохIехьеялъухъ, къойил нижер гьабулеб тIалабагъазалъухъ ва ритIухълъиялъухъ.

Гьарула нужее чорхое щулияб сахлъи, рекIее сабру, гьурмае берцинлъи, хъизамазе талихI ва лъималаздаса рохараб гIумру.

**Шамил ГIумаров**, районалъул бетIер

### Жея, ясал

## Лебаллъи ва тирилъи бихьизабуна

Анлъабилеб марталда Агъвали маданияталъул кIалгIаялда тIадеги лъай кьеялъул районалъул централъ тIобитIана Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо 8 марталда хурхун цIалдохъабазда гьоркьоб «Жея, ясал» абураб конкурс.

Гьенир гIахьаллъана Агъвали гимназиялъул, Лъондода, Хуштада, ТIисси, ТIинди, ТIиссиахикь, Эчеда, Къеди, Гьигьалъ ва Гъоркьгъаквари гьоркьохъел школазул ясазул командаби.

Тадбир рагьулаго централъул директор МухIамад АхIмадовас ясазда баркана тIаде щолеб руччабазул байрам-8 март.




Конкурсалде гъорлъе рачун рукIана батIи-батIиял номинацияби. Гьенир гIахьаллъараз бихьизабуна гьабулеб ишалъулъ жидерго бажари, махщел ва пагьму-гьунар.

Халгьабулаго цIакъ захIмат букIана цецерахъиналъе къимат кьезе ва бергьаразда цIарчIвазе. Кин бугониги, щварал баллазул хIасилазухъ балагьун лъикIаздаса лъикIал тIаса рищана.

ТIоцебесеб командаялъулаб бакI щвана Агъвали гимназиялъул цIалдохъабазе, кIиабилеб бакIалде ккана ТIинди гьоркьохъеб школалъул команда ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана ТIиссиахикь гьоркьохъеб школалъул команда.

Жигараб гIахьаллъи бихьизабуна Эчеда ва Лъондода школазул цIалдохъабаз.

Бергьаразе кьуна дипломал ва грамотаби.

**Заур Бадрудинов**

### Райадминистрациялда

## Полиомиелиталъул суал борхана

Анкьабилеб марталда райадминистрациялда тIобитIана полиомиелиталде данде прививкаби гьариялъул суалал рорхараб данделъи.



Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер Шамил ГIумаров, райбольницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель Рашид Коратов, райбольницаялъул эпидемиологияб отделалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадкеримов, Агъвали гимназиялъул директор Муслим ВахIидов, гимназиялъул байбихьул классазул учительзаби ва цIалдохъабазул улбулгун умумул.

Данделъи рагьулаго районалъул нухмалъулес бицана районалда полиомиелиталде данде прививкаби гьаричIезул къадар цIикIкIунеб бугин. Гьединго гьес абуна Россиялъул законаз ихтияр кьун бугин гьелдаса инкар кквезеги, амма гьеб букIинин нужерго умматалде данде гьабулеб вахIшияб такъсирчилъийилан.

-Щибай эбелалда бичIчIизе ккола прививкаялдаса инкар гьабулаго гьелъ лъимералъул гIумру яги сахлъи чIвалеб букIин. Цо-цо эбел-инсуда ракIалде ккола чиясул черхалда витаминазул кумекалдалъун бокьараб унтуде дандечIей гьабизе бажарулин. Амма гьеб гьедин гьечIо. Унго-унгояб инфекция баккун хадуса гьелъие кинабгIаги даруги букIунаро. Гьелъул гIаксалда, унти пири гIадин хехго тIибитIула, ва лъималазул чорхое сакъат ккола, гьединго хвезеги бегьула. Гьединлъидал чара гьечIого хIажат буго социалиял гьиназда лъицаялиго лъолел харбазухъ гIенеккичIого, врачазул малъахъваял гIадахъ росизе, - ян лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай.

Тохтур Рашид Коратовас мухIканго бицана ахирал соназ полиомиелит тIибитIиялда хIинкъи букIиналъул. ГIемерал соназ Европаялъул регионазда гьоркьоб Россия букIана полиомиелиталдаса эркенаб улкалъун. Амма ахирал соназ Дагъистаналда цIикIкIунел руго полиомиелиталъул прививкаби щвечIел лъимал унтиялъул хIужжаби. Ахираб заманалда параличалъ унтаразул къадар республикаялда бахун буго кIикъоялда ункъоялде. Гьездаса анцIила кIиго полиомиелиталъул.



-Полиомиелит - ккола инфекциялъулаб унти. Гьелъул вирусаз гIадалнах ва гьодилнах биххизабула ва лъимер парализовать гьабула, ялъуни хIатIазул, кверазул, къаркъалаялъул ччорбал ракъвазарула ва инвалидлъун гьабула. РакIалъул хIалтIулъ кколел хиса-басияз лъимер хвалде бачуна. Вирусалъ гIемерисел унтула лъимал, гьеб бахуна лъималдасан, кванил нигIматаздасан. Прививкаби гьари гуреб гьелъие батIияб дару гьечIо,-ян абуна Рашид Коратовас.

Гьединабго кIалъай гьабуна эпидемиолог МухIамад МухIамадкеримовас.

-Исана Лъондода росдал школалда корь унти тIибитIиялъ цIалдохъаби больницаялде ккун карантин лъазабиялъул хIакъалъулъ киназдаго рагIун батила. Жакъа къоялде гьединал хIужжаби тIатун руго районалъул цогидал росабалъги. Эчеда росулъ вуго кIиго унтарав, Агъвалиса гIолохъанай яс захIматго унтун райбольницаялъул инфекциялъулаб отделениялда егизаюн йиго. Полиомиелит тIибитIун хадуб нилъеда кIоларо гьелда дандечIей гьабизе, больницаялъул отделение цIун хадубги гьел регизаризе шартIал ругеб бакIги букIунаро. Кин бицаниги, тохтурасул калам рагIуларелги ратула эбел-эмен. Унго-унголъунги цIакъ хIинкъи цIикIкIараб унти буго лъималазул паралич ва гьелъие прививка гьаби гуреб тIокIаб даруги гьечIо. Нужерго лъималазул сахлъи ва гIумру нужеда бараб буго. Метерисеб къоялъ нужер жавабчилъи гьечIолъиялда бан лъимер сакъатлъани, гьеб нужерго намусалда букIина,- ян абуна гьес.

Гимназиялъул директор Муслим ВахIидовас рахIат хун бицана эбел-инсул тIирун чIей сабаблъун, школлъималазул цIалул низам холеб бугин, амма прививкаби щвечIел лъимал школалде риччазе жиндир ихтиярги гьечIилан.

Улбуз ва умумуз кьуна рикIкIен гIемерал суалал. Тохтурзабаз жигар бахъана гьезие чIванкъотIарал жавабал кьезе, ва бичIчIизабуна прививкаби тIаса рищизе гьезул рес букIиналъул.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас тIадкъана тохтурзабазда ва учительзабазда полиомиелиталде данде прививкаби гьаризе ккеялъул хIакъалъулъ халкъалда гьоркьоб бичIчIикьеялъулаб хIалтIи гьабизе.

**Зульфия Сажидова**

Акция

# НасихIатчагIазе баркала



ГъабсагIат республикаялда унеб буго «За свой успех благодарю» абураб акция. Гьенир гIахьаллъулел руго школалъул цIалдохъаби, волонтеразул багъа-бачариялъул церехъаби хIаракатчагIи, умумузул комитетал, студентал, хъулухъчагIи.

Бокьарав чиясул ихтияр буго жидер рукIарал учительзабазе, педагогазе насихIатчагIазе баркалаялъул кагътал хъванги телефоналдаса ахIунги баркала загьир гьабизе.

Гьал къояз районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъ ва гьебго идараялъул методист Хадижат Камиловалъ 8 марталъул байрам баркун баркалаялъул кагътал ва сайгъатал гьаруна Гъоркьгъаквари школалда цIалулелъул жидер рукIарал учительзаби Сабижат ЖабрагIиловалъе, Аминат Зубаировалъе ва ПатIимат ГIалиевалъе.

**Сураталда**: Сабижат ЖабрагIиловалъе сайгъат кьолеб лахIзат.

**Зулейхат МухIамадова**

Тохтурасул малъа-хъваял

# Глаукома- канлъи бикъулеб «цIогьор»

ЧIагояб бералда жаниб ккола гьоркьоса къотIи гьечIеб хиса-баси, лъугьуна лъамалъи ва гьеб къватIибе бецIцIула. Гьеб ккола беразул гIумруялъе чара гьечIого хIажалъулеб жо. Гьелъул гIадлу-низам хола беразда жаниб кинабгIаги хиса-баси, сакъатлъи кколеб бугони, беразул бидул тIадецуй гIодобе яльуни тIаде ккун бугони. Гьелъ рачуна беразул унти-глаукомаялде.

ХъахIбералъ къабул гьабуларо цIакъо цIикIкIараб бидул тIадецуй. Гьеб халат бахъараб заманаялъ бугони, рес буго бецлъизе, хIатта тIубанго канлъи босизеги.

Глаукома букIуна рагьараб ва рагьичIеб (тIатараб ва тIатинчIеб). Гьелъул тIоцебесеб гIемерисеб дандчIвала, ва гьелъ тIубанго бецлъиялде рачуна.

Гьединал унтарал тохтурасухъе кватIун рачIиналда бан, захIмалъула хIажатаб кумек гьабизе. Глаукомаялъул кIиабилеб къагIида буго тIубанго батIияб. Гьеб байбихьула беразда жаниб кутакаб унтул хIасилалда, унтараб бер бугеб рахъалда байбихьула ботIрол унти, лъугьуна хIалкъай, кIвахIаллъи, багIарлъула унтараб бер, гьелъул хъал гIурччинлъизе, ай, кьер свине байбихьула. Гьедин загьирлъула глаукомаялъул гIаламатал. Гьелъ унтарав нахъ тIамичIого тохтурасухъе вачIине ккола.

Глаукомаялъ унтарасул беразда цебе хъухь лъугьуна, бакъул яльуни чирахъалъул канлъуда сверухъ гургинаб нурлъун хIуби чIолеб гIадин букIуна.

Глаукомаялъ унтаразул берзул канлъи тIадбуссунаро. Гьелъие лъикIаб буго заман иналдего берал сах гьаризе.

Глаукома ккола кIикього сонил ригьалдаса тIадехун ругел гIадамазулъ тIатунеб беразул унти. Щивасда лъагIалида жаниб кIиго-лъабго нухалда беразул бидул тIадецуй борцине ккола.

Нервабазул батIи-батIияв унтабаз, гипертониялъ, чакаралъул диабеталъ унтарал яльуни цебеккун глаукома букIарал гIадамал, беразул бидул тIадецуялда хадуб щибаб къойилаб хъаравуллъи ккве ккола. КигIан гьитIинабги гьеб рахъалъ хиса-баси кколеб бугони, больницаялда регун гьеб сахлъизабизе ккола.

Нилъер республикаялъул беразул унтабазул больницаялда буго глаукомаялъул отделение. Гьанжесел тIалабазда рекъон, гьениб гьабула беразул мухIканаб халгьаби ва унтарал сах гьарула.

Глаукомаялъ унтарал гIадамал сах гьарулеб бищунго цебетIураб къагIида ккола хирургиялъулаб, ай операциялъул кумекалдалъун сах гьари. Гьединал унтаразе операция гьабизе ккола унти басралъилалде, жеги берзул канлъи букIаго. МахIачхъалаялда бугеб Республикаялъул офтальмологиялъул больницаялда,

Гьанже заманалда беразе операцияби гьарула микрохирургиялъул кумекалдалъун ва гIемерисезул канлъиги тIадбуссинабула.

**Муса СаидахIмадов,** врач-офтальмолог

# Права граждан на получение бесплатной медицинской помощи

Право на бесплатную медицинскую помощь в государственных и муниципальных учреждениях здравоохранения закреплено в ч. 1 ст. 41 Конституции РФ.

В соответствии со ст. 19 Федерального закона от 21.11.2011 г. № 323 ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации» застрахованные лица имеют право на медицинскую помощь.

В соответствии с программой государственных гарантий застрахованные лица имеют право на выбор медицинского учреждения и врача-специалиста; профилактику, диагностику, лечение, медицинскую реабилитацию в медицинских организациях в условиях, соответствующих санитарно-гигиеническим требованиям; на получение консультаций врачей-специалистов; на облегчение боли, связанной с заболеванием, состоянием и (или) медицинским вмешательством, методами и лекарственными препаратами, в том числе наркотическими лекарственными препаратами и психотропными лекарственными препаратами; на получение лечебного питания в случае нахождения пациента на лечении в стационарных условиях; на сохранение врачебной тайны; на добровольное согласие либо добровольный отказ от медицинского вмешательства; на возмещение вреда, полученного вследствие оказания некачественной медицинской помощи; допуск к нему адвоката или законного представителя для защиты своих прав; допуск к нему священнослужителя, а в случае нахождения пациента на лечении в стационарных условиях; на предоставление условий для отправления религиозных обрядов, проведение которых возможно в стационарных условиях, в том числе на предоставление отдельного помещения, если это не нарушает внутренний распорядок медицинской организации.

Если пациенту не оказали медицинскую помощь по системе ОМС, оказали не в полном объеме или некачественно, вследствие чего пациент получил дополнительный вред своему здоровью, медицинское законодательство РФ закрепляет за пациентом право на возмещение морального и материального вреда через подачу в суд претензии и искового заявления.

**А. Шапиев,** главный специалист-эксперт

Баркалаялъул кагъат

# РакI-ракIалъ баркала кьола

Дунги дир гьалмагъ РичIагьанихъа ХIайбулаев МухIамадги (Капитанов) рехеса рачIунелъул къалъул как базе рештIана КIочIали МухIамадил яс Мадинахъ.



МагIарухъ гьава-бакI рекъечIольийищ ккараб лъаларо, дир чорхол хIал хисизе байбихьана. Мадина больницаялъул хIалтIухъан йикIин лъарав дица гьелда абуна дир чорхол хIал хисулеб бугилан. Гьелъ хехлъи гьабун дун вачана Салман абулев врачасухъе. Гьес, бидул тIадецуйги чорхол цIа-канги борцун, дун терапиялъул отделениялда вегизавуна.

Гьенир хIалтIулел хъахIал халгIатал ретIарал цояздасан цоял берцинал ва хIеренал медсестрабаз ва санитаркабаз дие лъикIаб дару-сабаб ва кIудияб хъулухъ-хъатир гьабуна.

Гьединлъидал бокьун буго гьеб отделениялда хIалтIулел медсестраби Заирае, ПатIимазагьрае, Сумаяе, отделениялъул нухмалъулев хIалбихьи бугев тохтур Ризвание, унтарал кваназе ахIулей ПатIиматие, гьей хисун гьуинаб карщ кьолей Написатие, цIарал рехсечIониги гьенир хIалтIулел киналниги ясазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.

Гьов тIадчIун дие хъулухъ гьабурав Салман (сураталда) кисаяли дица гьикъараб мехалъ, цояс абуна гьев вугин Агъвали росдал кIудияб мажгиталъул будун Цихалахъа МухIамадил василан. Бихьулищха, диналъул вацал, Цихалахъа МухIамадица исламияб тарбияги кьун, кин куцан вугев жиндирго вас. Гьединал берцинаб хьвада-чIвадиялъул, кIудиязул адаб-хIурматги гьабулел, бокьараб мехалъ хIалаеги рахъунел гIолилаздаса мисал босизе ккола цогидазги. Баркала гьев куцарал эбел-инсуеги, гьесие тарбия-лъай кьурал учительзабазеги, малъа-хъваял гьарулел махщел цIикIкIарал тохтурзабазеги.

Врачасул махщел - гьеб ккола гьунар, барахщи гьечIев, ракIбацIцIадав ва лъикIал къасдазул чиясул хIалтIи. Сахлъи кьеги гьезие, тIураги гьезул рекIел къасдал ва анищал.

**ХIажияв СагIитбеков,** Хъвайни росу

**Исполнение**
**бюджета администрации сельского поселения**
**«село Тисси» за 2022 год**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 22,4 | 22,4 | 23,8 | 106,3 |
| 2 | Земельный налог | 4,0 | 4,0 | 6,3 | 157,5 |
| 3 | Налог на имущества | 10,0 | 10,0 | 14,9 | 149,0 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 6,0 | 6,0 | 0,0 | |
| 4 | Сельхоз налог | 1,2 | 1,2 | 3,2 | 266,7 |
| | **Итого собственные доходы** | **43,6** | **43,6** | **48,2** | **110,6** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1651,0 | 1841,0 | 1841,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 3 | Субвен. ВУС | 110,8 | 110,8 | 110,8 | 100,0 |
| 4 | Недоданная сумма | | | | |
| | **Итого** | **1761,8** | **1951,8** | **1951,8** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1805,4** | **1995,4** | **2000,0** | **100,2** |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1109,8** | **1006,7** | **1006,7** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 878,5 | 878,5 | 878,5 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | **0,0** | **0,0** | |
| 4 | **ЗАГС** | | | | |
| 5 | **ВУС** | **110,8** | **110,8** | **110,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 77,0 | 77,0 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **398,9** | **695,9** | **695,9** | 100,0 |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | | |
| 8 | **Культура** | **186,6** | **186,6** | **186,6** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,5 | 136,5 | 136,5 | 100,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **25,0** | **0,0** | **0,0** | |
| | **Стихия** | | | | |
| | **Всего расходов** | **1831,1** | **2000,0** | **2000,0** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1092,0 | 1092,0 | 1092,0 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Тисси»** **Я. Мамадибиров**

# 8 март- Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо



Расул ХIамзатов

## ГIисиназги ахIула...

ГIисиназги ахIула:
Эбел, эбелин абун,-
Гьеб буго тIоцебехъе
Гьез тIолеб магIил горо.
ЧIахIиязги ахIула:
Эбел, эбелин абун, -
Гьеб буго ахирияб,
Хвалда цебесеб гьари.

Дицаги гIумруялъул
ХIухьел босулеб гIадин,
Щурула эбелилан,
Угьула эбелилан:
ВатIан тун къокъун унел
Къункърабаца кинигин,
Каранда гулла щвараб
РитIучIил тIинчIалъ гIадин;

Гьалбацl гIадин, кlкIалахъе
КIанцIулеб иххалъ гIадин;
Рагьда хвалчен борхигун
Дагъистаналъ кинигин,
Дунялалъул зобазда
Пири гьугъаялъ гIадин...

Дида бицана, имам
Асирлъилалде цеве,
Борхатаб Гъуниб къурда
Гъос как балеб мехалдв,
Гъосул кIутIбуз букIанин
КIиго рагIи щурулеб:
Аллагьгун эбелилан
Эбелгун Аллагьилан.

Дидагоги бихьана,
Дир херлъарав инсуца
Хвалда цебе, сардида
Эбелилан щурулеб.
Дихъе бачIана кагъат
Щадул рагьдасан вацаз,
Щуне нилъер эбелин,
ЦохIого цохIо йигей.
Дихъан гьеб бажаричIо,
Дица ахIулеб буго:
Эбел, эбелин абун, -
Эбел щай ячIунарей?!



Сабигат Мух1амадова

## Эбелалде

Дида тlаса лъугьа, мун къварилъарал
Къоял, дун сабаблъун, рихьун ратани.
Рогьарал дур сардал дир ургъалида,
Дур ургъел гьабизе кватIун ккарай дун.

Дур бухIараб хIухьел, хIеренаб рагIи,
ГIалам хIикмалъараб сабру, гIададлъи.
Жакъа кинаб нухалъ ине кканиги,
Дир нухалъул ахир-хабал рагIаллъи.

Дир гIумрудул нухал, хирияй эбел,
Инаан бихьизе мун йикIарай рукъ;
ГьечIо гьаб ракьалда ракI хIалхьунеб бакI,
Мун йикIарай рукъги чиярлъун буго.

Эбелалъул нуралъ гвангъараб дунял,
Дур букIараб рокьой къотIун бугеб нух.
Эбелалъул хинлъи рекIелъ цIунила,
Нахъе тараз дур рукъ цIуничIониги.



Манарша Г1исаева

## Эбелалде

Дида къаси макьилъ эбел йихьана,
Дир магlарул росулъ янгъиз хут1арай.
Йигоан пашманал пикрабалъ пулан
Нур сварал берazда бетун маг1угун.

Лъимадул гlодиги, гlанчlаб релъиги
Рокъоб къоrlун букlун, къулун йиго гьай.
Г1умруялъул гьудул къанабакь лъедал,
ГlатIидал рукъзабахъ къварид йиго гьай,

Къеда рарал нижер сураталги гьелъ
Соролел квераца каранде къала;

Кагътилаб гьурмада убачги гьабун,
Реэдулел руго тlад кверги бахъун.

Ниж щвезе хутlарал къоялги рик1кlун,
Къулгьу-алхlам цlалун дугlа гьабула.
Балагьал хъвагеги лъималаздаян,
Лъимал лъикIал гlеги лъималазулан.

Йорч1ана, угьана эбелин абун,
Иншааллагь, духъе юссинин абун.
Лъимадул гlодиги гlанчlаб релъиги
Нахъбуссун рештIинин рокъобин абун.



Рукъият Асадулаева

## Эбелалде ахIи

Бокьун буго, эбел, дирго гьитIинлъи,
ГьитIинал дур квераз гьалал лъухьулеб.
Бокьун буго, эбел, дудаги хурхун,
Дирго ургъелазул гьамас рагьизе.

Бокьун буго, эбел, хIеренал квераз,
БотIрода квер бахъун дун єдизе.
Бокьун буго, эбел, дудаги къочун,
Чучизе дирго ракI, гIодунги биччан.

КигIан йокьаниги гьечIо мун, эбел,
Дир рохел, дир х1асрат, ячlунаро мун.
Мун йикlунин абун чlухIун йикIарай,
Гьанже пулан йиго, гьечIо мун аск1ой.

Къваридаб сардида мун ракIалде щун,
Г1одула гlемерай, чвахун маг1у т1ун.
Тlубаларо мурад, щущала анищ,
ЯчIунаро эбел, бохуларо рак1!



Шамил МухIидинов

## МагIарул чIужугIадан

МагIарул чIужугIадан,
Мун гIадай ятуларо,
КигIан цIакъ йокьаниги
Рокьул тIогь батуларей.

МустахIикъаб рецц батун
Ещунго яхъунарей,
ГIищкъу ккедал даража,
Борцун бажаруларей.

МагIарул чIужугIадан,
Мун гIадинай лъаларо,
МагIарул бихьиназулъ
МугIрузул къвакIи лъолей.

Бугони, рекIелъ бецIлъи,
Гьимиялъ бачахъулей,

Чорхолъ ругел гIузраби,
Берзул чIораз чIван лъолей.

МагIарул чIужугIадан,
Мун гIадинай лъаларо,
ГIадлу-тадбирги гIуцIун
Дунял берцин гьабулей,

ХIабургъараб дуниял
Даим тIокIкIинабулей,
ТIанкI течIого рекIелъа,
НакIкIал нахъе гьарулей.

Дуца берзул чIор речIчIун
ЧIвараллги гIемер ккола,
РакI чIун хванин ккаравги
ЧIаголъи къун вахъуна.

Чан яхI бугев бахIарчи,
Дур гIищкъуялъ куцарав,

КигIан гIемер гIалимчи
Дуца вахъинавурав!

Дуде бугеб гIищкъуялъ
ШагIирзаби рахьана,
МугIрузда багьадурал
Дуца рахьинаруна.

Имам Шамил куцана
Руччабазде рокьиялъ,
Расул поэт вахъана
ПатIиматил балаялъ.

МагIарул чIужугIадан,
Мун гIадинай лъугьинчIо,
Дагъистаналъул мугIрул
Рорхалъизе гьарурай.



ПатIимат ХIамзатова

## МагIарулай

АхIе магIарулай,
АхIе дурго кечI,
Кинабго рекIел хIал,
Загьирги гьабун,

Рохизаре ракIал
ГIищкъу ккаразул,
Каранлъ цIа бакарал
Гьал гIолилазул.

Дур хIайран ахIулеб
КочIол гьаркьица,
Кумек кьола тIолго
Дагъистаналъе,

Къварилъи кканиги,
Рохел щваниги,
Бигьалъи кьола гьелъ
Гьинал ракIазе.

БукIана замана,

Къваридал сонал,
КъватIие яккизе
Дуй изну гьечIел,

Чурхъана мун чанги
ЧамгIалал кIалаз,
Къварилъи хIехьана
Дуца сихIкьотIун.

Дур загIипаб черхалъ,
ТIеренал гъуждуз,
ТIолабго магIишат
БукIана баччун,

Сордо рогьинегIан
Къандалъуялда,
Дуе хIалхьиялда
ЩвечIо къижизе.

Гьанже гьаб ракьалда
Мун къирал йиго,
Къун буго дуй рагIи
А, мун цеехун,

МухIканго чIе хIетIе
ГIумрудул нухде,
МустахIикъай йиго
Мун талихIалъе.

## Ражаб Ахъбулатов



Гьал къояз пашманаб хабар бачIана нилъер районал-де- Аллагьасул къадаралде щвана Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи Хушетиса Ахъбулатов Ражаб.

Къоло анлъабилеб сентябралда районалдаса мобилизовать гьарурал гIолохъабигун ана Ражаб тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазе.

Гьев бахIарчилъиялда вагъулев вукIана ВатIан цIунулаго, бахIарчилъиялда хвезеги хвана.

Райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовгун цадахъ нилъер районалъул вакилзаби щвана ЦIияб Хушет росулъе Ражабил гIагарлъиялъухъе зигара базе.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хъизаналъе ва гIагарлъиялъе сабру кьеги.

## «Нелегальный мигрант»

В сложившихся условиях противодействие незаконной миграции становится одной из важнейших задач в деятельности правоохранительных и иных государственных органов, которая требует комплексного подхода, направленного на выявление и устранение обстоятельств, способствующих данному негативному явлению.

В связи с этим Отделом МВД России по Цумадинскому району 15 по 24 марта на территории района будет проведен оперативно – профилактическое мероприятие «Нелегальный мигрант», по выявлению и пресечению нарушений миграционного законодательство Российской Федерации.

Проводимые мероприятия будут направлены на выявление работодателей незаконно привлекающих иностранную рабочую силу, иностранных граждан, пребывающих на территорию района с нарушениями режима пребывания, а также лиц, организующих незаконный въезд и пребывание иностранных граждан в Российской Федерации.

Общие задачи населения района и миграционного пункта заключаются в том, чтобы вовремя среагировать на угрозы международно-террористических организаций и принятие мер соответствующего реагирования.

**З. Магомеднабиев,** начальник миграционного пункта

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Цумадинский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 2,6 | 2,6 | 2,8 | 107,7 |
| 2 | Земельный налог | 6,0 | 6,0 | -16,5 | -275,0 |
| 3 | Налог на имущества | 3,1 | 3,1 | -6,5 | -209,7 |
| | Прочие налоги (неналоговые) | 28,0 | 28,0 | 28,0 | 100,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,4 | 2,4 | 9,7 | 404,2 |
| | **Итого собственные доходы** | **42,1** | **42,1** | **17,5** | **41,6** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1415,0 | 1630,0 | 1630,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 3 | Субвен. ВУС | 111,8 | 111,8 | 111,8 | 100,0 |
| 4 | Недоданная сумма | | | | |
| | **Итого** | **1526,8** | **1741,8** | **1741,8** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1568,9** | **1783,9** | **1759,3** | **98,6** |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **935,9** | **1006,7** | **1006,7** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 610,0 | 737,1 | 737,1 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | **0,0** | **0,0** | |
| 4 | **ЗАГС** | | | | |
| 5 | **ВУС** | **111,8** | **111,8** | **111,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 77,0 | 77,0 | 77,0 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **221,5** | **360,0** | **360,0** | 100,0 |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | | |
| 8 | **Культура** | **281,3** | **280,8** | **280,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 193,0 | 192,8 | 192,8 | 100,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **20,0** | | **0,0** | |
| | **Стихия** | | | | |
| | **Всего расходов** | **1570,5** | **1759,3** | **1759,3** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 880,0 | 1006,9 | 1006,9 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Цумадинский» Ш. Гасанов**

### ММА

## Идрисовазул бергьенлъаби

Дагъаб цебе Гьадириса вацгIалзаби МухIамад ва Къурбан Идрисовазе щвана ММАялъул къецазулъ цIиял бергьенлъаби.

Америкаялда тIоритIарал журарал рагъазулъ Филлипс Брждаnида тIад ракIчIараб бергьенлъи босана МухIамад Идрисовас.





Сербиялъул Белград шагьаралда ММАялъул рахъалъ дунялалъул кIицIул чемпионлъун вахьана Къурбан. Араб соналъги вахьана гьев дунялалъул чемпионлъун. Лъабго дандчIваялда бергьенлъиги босун, финалалда гьев дандчIвана украиналъул речIчIухъан Иван Куреларугун, ва судиязул хIукмуялдалъун бергьенлъи щвана Къурбание.

**Заур Бадрудинов**

### Эркенаб гугари

## Вацал чемпионаллъун рахъана



Дагъаб цебе Ереваналда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб (U 23) эркенаб гугариялъул рахьалъ халкъазда гьоркьосеб турнир.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабаз рихьизаруна лъикIал хIасилал. Турниралъул чемпионаллъун рахъана Хъварщиса вацал ТIалхIат (61 кг.) ва МухIамад (сураталда,79кг.) ГIабдулкъадировал, лъабабилеб бакI ккуна КIочIалиса Камил ГIабдулвагьабовас (74 кг.) ва Гьадириса Рамазан Абузагьидовас (86 кг.).

**Шамил Бадрудинов**

### Волейбол

## Дагъистаналъул къецал

Дагъаб цебе МахIачхъалаялда Елена Исинбаевалъул цIаралда бугеб стадионалда тIоритIана Дагъистаналъул тIоцебесеб бакIалъе гIоло волейболалъул къецал.



Хунзахъ районалъул командаялда гьорлъ гьенир гIахьаллъана Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби Абакарова Камила (9кл.) ва МуртазагIалиева Амина (I0кл.).

Къецазулъ Хунзахъ районалъул командаялъе щвана тIоцебесеб бакI.

**Сураталда:** Камила Абакарова (квегIиса) ва Амина МуртазагIалиева.

**ХIайбула НурхIажиев**

Утерянный аттестат о полном среднем образовании №399826, выданный 26.06.1986г. Агвалинской средней школой на имя Исаева Ахмеда Магомедовича, считать недействительным.

### Эркенаб гугари

## ГIисинал гIолилазда гьоркьор къецал тIоритIана

Араб рузман къоялъ, 4 марталда, Агъвали районалъул спортивияб школалъул залалда тIоритIана гIисинал гIолилазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе гIоло эркенаб гугариялъул рахъалъ районалъул къецал.

Гьенир гIахьаллъи гьабуна Агъвали, Хуштада, Гьаквари, ТIинди, Къеди, Эчеда, Инхокъвари ва Хонохъ росабазул командаби.

Къецазул ккана хадур рехсарал х1асилал:

**24 кг.** 1 . Ах1мадов ГIабдула (Хуштада); 2. СагIадулаев ХIабиб (Хуштада); 3. Саидов Халит (Агъвали), Бадрудинов Ибрагьим (Агъвали).

**26 кг.** 1.ГIубайдулаев ХIабиб (Хонохъ); 2. ГIисаев МугIаз (ТIинди); 3. ШугIайбов ГIабдулмалик (Къеди), МухIамадов ХIажи (Агъвали).

**28 кг.** 1. ГIабдулхIалимов МухIамад (ТIинди); 2.ГIалиев МухIамад (ТIинди); 3.Агъларханов ГIабдул (Къеди), ГIалиев Ислам (Инхокъвари).

**30 кг.** 1. ГIалиев МухIамад (Агъвали); 2. ГIалиев МугIаз (ТIинди); 3. МухIамадов МухIамад (Агъвали), ХIасанов ХIусен (Агъвали).

**32 кг.** 1.ГIубайдулаев Халид (Хонохъ); 2. МухIамадов МухIамадгъази (ТIинди); 3. МухIамадов МухIамадрасул (Агъвали), МуртазагIалиев ХIажимурад (Агъвали).

**35 кг.** 1. Нажмудинов Рамазан (Агъвали); 2.ХIайбулаев Шамил (Агъвали); 3. Камилов Шамил (ТIинди), МухIамадов МухIамад (Агъвали).

**38 кг.** 1. ТоралмухIамадов ГIабдулгъафур (ТIинди); 2.Саидов МухIамад (Инхокъвари); 3. МухIамадов МухIамад (Агъвали), Пирбудагъов Юсуф (Къеди).

**41 кг.** 1. Рамазанов ГIали (Агъвали); 2. ХIасанов МухIамад (Агъвали); 3. Мирзаев Рамин (Гьаквари)

**44 кг.** 1. Билалов Амин (Агъвали); 2. ХIажиев ГIали (Агъвали); 3. ИсхIакъов Якъуб (Агъвали), ГIабдурахIманов Гьанжук (Агъвали).

**48 кг.** 1. Къурбанов Шагьрурамазан (Агъвали); 2. Мирзаев МухIамад (Гьаквари).

**52 кг.** 1.Гьазиев ХIажимурад (Агъвали); 2. Сажидов МухIамад (Агъвали).

**68 кг.** 1. ГьазимухIамадов АхIмад (Агъвали); 2. МухIамадов ТIагьир (Агъвали).

Бергьаразе ва призеразе кьуна медалалгун грамотаби.

**Шамил Сажидов**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияй секретарь Сажидова Зульфия АхIмадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1484

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru